

# ANONS SOU SÈVIS ESPESYAL KI DISPONIB NAN LEKÒL PIBLIK NEWARK YO

Paran ak Reskonsab Timoun

Si w gen yon timoun ki gen laj ant 3 e 21 lane, epi k ap viv Newark, Lekòl Biblik Newark yo vle ede w deside si timoun ou an ta dwe benefisyè sèvis espesyal.

Lekòl Biblik Newark yo ofri egzamen gratis pou chèche enfòmasyon sou devlopman timoun ou an. Nou ankouraje w fè depistaj sa pou tout timoun ki genyen 3, 4 epi 5 lane. Egzamen sa enpòtan anpil sitou si timoun lan ta gen kèk difikilte pou aprann oubyen ta gen pwoblèm pou pale, tandem, reflechi, jwe, mache, wè, kenbe enstriman oubyen travay ak lòt timoun, oubyen ankò si timoun nan gen pwoblèm emosyonèl oswa pwoblèm konpòtman. Egzamen sa a kapab pote bonjan enfòmasyon pou montre si yon timoun merite pase lòt pi gwo tès pou detèmine si l gen yon andikap ki fè l ta merite benefisyè sèvis espesyal.

Timoun ki twouve yo nan pwogram gadri Lekòl Biblik Newark yo bay yo, kèlkeswa yo ta fèk kòmanse gadri a oswa ta nan pwogram "Abbott" la, tou pase tès nou yo epi yo tou antre nan yon pwogram suivi pou gade si yo bezwen asistans oubyen lòt èd.

Egzamen an toujou rete gratis pou timoun ki nan laj soti 3 pou rive 5 lane ki pa enskri nan pwogram Lekòl Biblik Newark yo. Li toujou gratis menmsi timoun nan nan lekòl prive, lekòl reliye oubyen timoun nan pa lekòl ditou.

Si Lekòl Biblik Newark yo ta dekouvri timoun ou an soufri yon andikap, li kapab resevwa sèvis edikasyon espesyal. Lekòl Biblik Newark yo gendwa kapab ede w tou, nan founi ou bonjan enfòmasyon sou Òganizasyon Kominotè oubyen Ajans Gouvènman ki la pou ede timoun ki andikape.

Pou tout lòt enfòmasyon sou Egzamen sa a oubyen sou sèvis edikasyon espesyal nan Lekòl Biblik Newark yo, kontakte nenpòt Lekòl Biblik nan Newark, oubyen tou nenpòt lekòl prive oswa reliye kote pitit ou a enskri a.

Ou ka rele oswa ekri, Ms. Carolyn Granato, Asistan Sipeentandan, Sevis sipo elev yo. Telefòn la se: (973) 733-7314 nan Newark Board of Education yo epi adrès biwo l se: 765 Broad Street, Newark, NJ 07102. Si w bezwen moun pou tradui pou ou, lekòl la ap ba ou sèvis la gratis. Si w bezwen yon liy ATS/TDD, tanpri rele Carol Ukstins nan Bruce St. School nan nimewo telefòn sa a: (973) 705-3759.

